



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON MARCY STEVENS, AVOKA JENERAL POU BIWO SÈVIS
TEKNOLOJI ENFÒMASYON AN, KONSÈNAN ITILIZASYON SAN OTORIZASYON
LYEN PWOGRAMASYON KI PA PIBLIYE POU SIT VAKSINASYON ETA A YO**

"Yo te atire atansyon nou ke yo te pataje yon lyen pwogramasyon ki pa pibliye san otorizasyon sou medya sosyal yo semèn sa a, sa ki pèmèt Nouyòkè yo pran randevou vaksen pou sit Eta a ap opere yo ki pa ouvè aktyèlman epi ki pa tap bay randevou nan Binghamton, Buffalo, Plattsburgh, Potsdam, Stony Brook ak Utica. Pou nou pran anpil prekasyon, nou te refere kesyon sa a bay Enspektè Jeneral la. Pandan ke pandemi sa a te montre ke ekite ak aksè egal enpòtan nan distribisyon vaksen an, epi pou nou asire ke yo respekte prensip sa yo, nou te anile tout randevou ki pa otorize yo — nou ap kontakte aktyèlman tout moun ki te itilize lyen ki pa otorize sa a pou enfòmasyon sou sitiyasyon an. Nou pral kontinye pwoteje enfòmasyon tout Nouyòkè yo epi asire aksè egal nan vaksen an pou tout moun ki kalifye. Kòm yon rapèl, sèl fason pou ou anrejistre pou vaksinasyon yo nan pozisyon ke Eta a ap opere yo se atravè [sitwèb](#) Èske mwen Elijib (Am I Eligible) Depatman Sante (Department of Health) a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)